

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonesia mangrupa nagara anu ngawengku sababaraha sélér bangsa. Éta hal téh ngajadikeun Indonésia salaku nagara nu beunghar budayana. Basa jeung kabudayaan di Indonésia diwangun ku sélér bangsa di Indonésia. Basa jeung budaya mangrupa idéntitas bangsa nu ngawangun karakter masarakatna.

Budaya bisa mekar ku ayana basa, sabab basa mangrupa alat pikeun nepikeun sagala rupa ngeunaan budaya. Luyu jeung nu ditétélakeun ku Mulyani (2020, kc. 1) yén basa téh mangrupa alat pikeun nepikeun pesen pikiran, rasa, jeung sagalarupa ngeunaan kahirupan budaya pikeun individu atawa kelompok masarakat nu tangtu. Sedengkeun nurutkeun Sudaryat (2019, kc. 4), basa téh mangrupa sistem lambang sora nu arbitrér nu digunakeun ku masarakat manusa pikeun tujuan komunikasi jeung idéntifikasi diri. Ku kituna, ngaliwatan basa téh manusa bakal apal kana karakter jeung idéntitas bangsana.

Nurutkeun Vygotsky (Mulyani, 2020, kc. 4), basa, budaya, jeung cara mikir téh mangrupa tilu diménsi nu silih pangaruhan. Éta tilu diménsi téh mangaruhan peradaban manusa. Makéna basa mangrupa usaha sacara sadar jeung soso-soso pikeun ngawangun hiji budaya. Budaya nu hadé mekar ngaliwatan kakuatan pikiran hiji jalma atawa kelompok masarakat nu satia ngagem tradisi jeung kearifan lokal. Ku kituna, manusa téh mikir ngeunaan basana pikeun medar budayana.

Budaya masarakat Sunda dina kahirupan sapopoéna teu leupas tina tutuwuhan. Ti mimiti kadaharan nepi ka landong atawa obat tradisional teu leupas tina tutuwuhan. Komo deui masarakat Sunda nu agraria mah pakasabanana pagilinggisik jeung tutuwuhan saperti panerasan atawa tukang nyadap jeung sajabana.

Jaman kiwari, jati kasilih ku junti. Basa Sunda geus kadéséh ku basa deungeun. Ngaran-ngaran tutuwuhan, sasatoan, jeung ngaran-ngaran séjénna geus loba nu diganti maké basa deungeun. Barudak leuwih apal kecap *alang-*

alang dibandingkeun kecap *eurih*. Kecap *paré*, *béas*, *sérah*, *huut*, *beunyeur* ogé geus loba nu teu apal. Kitu ogé, dina bibinihan nepi ka hasil panénna ogé impor ti nagara deungeun.

Éta hal téh jadi bangbaluh pikeun ngajaga idéntitas jeung budaya bangsa. Ku kituna, kudu diwanohkeun deui léksikon basa Sunda nu patali jeung kahirupan sosial budaya, kaasup tutuwuhan. Léksikon tutuwuhan salasahijina bisa diwanohkeun ngaliwatan babasan jeung paribasa. Salian ti apal kana léksikon tuuwuhan, babasan jeung paribasa ogé bisa ngawanohkeun kabudayaan masarakat Sunda nu patali jeung léksikon tutuwuhan. Sabab, babasan jeung paribasa digunakeun ku masarakat Sunda pikeun nepikeun ajaran, pesen, jeung ajén-inajén moral sangkan manusa bisa salamet dunya ahérat. Dina babasan jeung paribasa, tutuwuhan ngawakilan karakteristik atawa sifat-sifat nu tangtu. Contona, “babalingbingan” nu ngawakilan bitis tukang maén bal anu jiga *balingbing* matak gigis lawan, da baheula mah maén bal téh kaci silih adu tulang bitis atawa bincurang.

Sangkan bisa nalungtik babasan jeung paribasa ditilik tina basa jeung budaya téh bisa digunakeun sababaraha disiplin élmu jeung pamarekan ilmiah. Salasahiji di antarana, ngaliwatan ulikan étnolinguistik. Ku élmu étnolinguistik bisa dipaké pikeun ngulik struktur basa jeung/atawa kandaga kecap basa masarakat étnis dumasar cara mikir jeung budaya nu dipiboga masarakat panyaturna pikeun ngungkab budaya éta masarakat (Baehaqie, 2017, kc. 15).

Déskripsi ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda kapanggih dina buku *Pakeman Basa Sunda: Ulikan Idiomatik Sunda* (Sudaryat, 2016), anu medar ngeunaan rakitan basa anu runtuyan kecap-kecapna rélatif matok atawa angger tur maksudna geus puguh, anu umumna ngandung harti kiasan atawa babandingan minangka siloka lakuning hirup manusa. Aya deui buku *Babasan jeung Paribasa: Kabeugharan Basa Sunda* (Ajip Rosidi, 2020), anu dikumpulkeun tina sababaraha buku karya sastra Sunda. Babasan jeung paribasa ogé pernah ditalungtik anu judulna “Konsep Hewan dan Pesannya dalam Paribasa dan Babasan Sunda” (Kartika, 2013), “Aspek Psikolinguistik Sosial dalam Peribahasa Sunda (Tinjauan Gambaran Watak Orang Sunda)” (Pertiwi,

2013), “Aspek Tatakrama Masyarakat Sunda dalam Babasan dan Paribasa” (Sutisna, 2015), jeung “Babasan jeung Paribasa Sunda ‘Misato’ jeung ‘Mituwuhan’ pikeun Bahan Pangajaran Pakeman Basa di SMA” (Rachmah, 2016).

Éta panalungtikan téh pada-pada maluruh ngeunaan babasan jeung paribasa, bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu geus aya téh nyaéta ieu panalungtikan ngaguar sacara husus babasan jeung paribasa nu patali jeung tutuwuhan ngagunakeun kajian étnolinguistik. Ieu panalungtikan baris ngadéskripsikeun tutuwuhan naon waé nu dalit jeung kahirupan masarakat Sunda jeung ngaguar ma’na léksikal sarta ajén budaya léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda.

Dumasar pedaran di luhur, pangna diayakeun panalungtikan téh sabab Basa Sunda geus kadéséh ku basa deungeun. Ngaran-ngaran tutuwuhan, sasatoan, jeung ngaran-ngaran séjénna geus loba nu diganti maké basa deungeun. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda (Kajian Étnolinguistik) sangkan diwanohkeun deui kana léksikon tutuwuhan katut budayana.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipuseurkeun kana léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda anu diulik ku étnolinguistik. Anapon masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan, katangtuanana ngawengku: léksikon tutuwuhan nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda (tina buku babasan jeung paribasa kabeungharan basa Sunda jilid hiji jeung dua karya Ajip Rosidi), ngaguar ma’na léksikal sarta ajén budaya léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda ngagunakeun kajian étnolinguistik.

Dumasar kana watesan masalah, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Babasan jeung paribasa naon waé anu ngandung léksikon tutuwuhan?
- b. Léksikon tutuwuhan naon waé nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda?

- c. Naon ma'na léksikal léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda?
- d. Naon patalina léksikon tutuwuhan kana budaya masarakat Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngadéskripsikeun léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda ngagunakeun kajian étnolinguistik.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- a. babasan jeung paribasa Sunda anu ngandung léksikon tutuwuhan;
- b. léksikon tutuwuhan nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda;
- c. ma'na léksikal léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda; jeung
- d. patalina léksikon tutuwuhan kana budaya masarakat Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan kajian étnolinguistik nu ngaguar ngeunaan léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda sarta bisa dijadikeun referensi pikeun kaperluan panalungtikan ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun panalungtik, nu maca, guru, jeung siswa.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi pikeun panalungtikan étnolinguistik kahareupna.

- b. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan dipiharep bisa dicangkem ma'na sacara léksikal tina babasan jeung paribasa Sunda luyu jeung ajén budaya Sunda.
- c. Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi alternatif bahan ajar ma'na léksikal jeung ajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda.
- d. Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi alternatif sumber diajar babasan jeung paribasa Sunda.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab.

Bab I medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tina segi teoritis jeung mangpaat praktis, ogé dina ieu bab midangkeun sistematika tulisan.

Bab II medar ngeunaan basa jeung budaya, étnolinguistik, babasan jeung paribasa Sunda, léksikon tutuwuhan, ajén budaya dina babasan jeung paribasa Sunda.

Bab III medar ngeunaan metodologi panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, métode panalungtikan, sumber data, téknik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV medar hasil panalungtikan ngeunaan léksikon tutuwuhan nu aya dina babasan jeung paribasa Sunda (tina buku babasan jeung paribasa kabeungharan basa Sunda jilid hiji jeung dua karya Ajip Rosidi), ngaguar ma'na léksikal sarta ajén budaya léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda ngagunakeun kajian étnolinguistik.

Bab V medar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, saran jeung rékoméndasi pikeun nu maca.